# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नेपाल में बिहने भइल बस दुरघटना क हर मृतकन के परिजन अउर घायलन बदे प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोसि से दू–दू लाख रूपिया अउर घायलन बदे पचास हजार रूपिया अनुग्रह रासि देवे क घोसणा कइलें हवे। दुरघटना पर सोक जतावत उहां के कहलीं कि ऊ नेपाल के तनहुन जिला में भइल दुरघटना से काफी दुखी हवें। उहवां भारतीय दूतावास प्रभावित लोगिन का हर संभव सहायता दे रहल हौ।

नेपाल में पोखरा से चालीस से बेसी भारतीय परयटकन के लेके काठमाण्डू लौट रहलि, गोरखपुर जिला क एगो बस के नदी में गिरले से 27 लोगिन के मउति हो गइल रहे। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर राहत आयुक्त कार्यालय अउरि महराजगंज जिला क प्रसासनिक अधिकरियों नेपाल के अधिकरियन से संपर्क में हवें अउर सवन के भारत ले अइले के कार्यवाई में जुटल हवें।

येह बीच दुरघटना के मृतकन क सव अउर घायलन के भारत ले आवे के कार क निगरानी बदे युवा कार्य अउर खेल राज्य मंत्री रक्षा खड़गे नेपाल क रजधानी काठमाण्डू पहुंचलीं। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में सुश्री खड़से कहलिन कि ऊ काठमाण्डू के त्रिभुवन अंतराष्टीय हवाई अड्डा पर भारत क रजदूत नवीन श्रीवास्तव आ नेपाल विदेस मंत्रालय क सचिव ब्रिघु धुंगाना के साथे बचाव अभियान अउर आगे क कार्रवाई के बारे में चर्चा कइलीं। ओहर महराष्ट्र क मुख्यमंत्री एकनाथ सिन्दे येह हादसा पर दुख जतावत कहलें कि महराष्ट्र सरकार के अरज पे भारतीय वायु सेना क विमान महराष्ट्र के श्रद्धालुअन क सव भारत ले आइ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने सबेरे 11 बजे आकासवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देस–विदेस के लोगिन से आपन विचार साझा करिहें। मासिक रेडियो कार्यक्रम क ई 113 वीं कड़ी होइ। ई कार्यक्रम आकासवाणी अउर दूरदर्शन क सज्जों नेटवर्क, आकासवाणी समाचार वेबसाइट अउरि न्यूज ऑन ए आई आर मोबाईल ऐप पर परसारित कइल जाइ।

**********

अजोध्या के श्रीरामलला मंदिर क पहिला तल पर बनि रहल संगमरमर के राम दरबार के सथहीं टाइटेनियम धातु क राम दरबारों रख्खल जाइ। रक्षा मंत्रालय से जुड़ल संस्था मिधानी ई मजबूत धातु क राम दरबार मंदिर निर्माण समिति के सौंपले हौ। मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा बतवलें कि टाइटेनियम धातु पनडुब्बी बनवले क काम आवेला। एकर खासियत ई ह कि ई पानी, नदी, समुनदर अउर पहाड़ जइसिन जगहिन पर काफी दिन्न ले सुरक्षित रखल जा सकेला। उहां के ईहो बतवलीं कि मंदिर परिसर में बनि रहल सप्त मंदिर में अक्टूबर ले मुरति पहुंचले क आसा हौ। मंदिर का निरमाण कार चलि रहलि हौ।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने मथुरा में भगवान श्रीकृष्ण के पांच हजार दुई सौ इक्यानवे जन्मोत्सव समारोह क सुरूआत करिहें। ऊहां के पांच सौ तिरासी करोड़ रूपिया क लागत क 137 परियोजनन क लोकारपणों करिहें ऐह मे बरसाना रोप–वे, यमुना नदी में क्रूज, पाच्चजन्य प्रेक्षागृह वृन्दाबन में लक्ष्मण सहिद स्मारक प्रेक्षागृह, गोवरधन तहसील भवन, बरसाना–कोसी–गोवरधन मार्ग आ मथुरा वृन्दाबन मार्ग क चौड़ीकरण जइसन योजना सामिल हौ। मुख्यमंत्री मथुरे मे रात्रि विसराम करिहें अउर अगला दिन्न भगवान श्रीकृष्ण क दरसनों करिहें।

**********

प्रदेस क 67 जिला में एक सौ चउहत्तर परीक्षा केन्द्रन पर आजु दुसरकों दिन्न कड़ेर सुरक्षा व्यवस्था के बिच्चे पुलिस आरक्षी सीधी भरती परीक्षा पूरा भइल। येह परीक्षा बिहने अउर तीस आ इक्तीस अगस्तों के आयोजित होई। दू पाली में होवे वाले ई परीक्षा में दुसरियों राज्य क अभ्यर्थी हिस्सा ले रहल हवें। अभ्यर्थियन क प्रवेस पत्र देखवले पर रोडवेज बस में फ्री यात्रा क सुविधा दिहल जा रहला हौ सथहीं विसेस टरेनो चलावल जा रहलि हौ। सहारनपुर जिला के एगो परीक्षा केन्द्र पर फरजी दस्तावेज के जरिया से परीक्षा देवे क कोसिस कई रहल एगो अभ्यर्थी पर पुलिस मोकदमा दरज कइले हौ।

**********

भारतीय खाद्य संरक्षा अउर मानक प्राधिकरण खाद्य उत्पाद से जुड़ल संचालकन के दूध अउर दूध उत्पाद के पाकिट से ए–वन आ ए–टू क सज्जों दावा जुरते हटवले क आदेस दिहले हौ। ई आदेस ई–कॉमर्स प्लेटफार्म पर खाद्य उत्पाद से जुड़ल संचालकन पर भी लागू होई।

**********